



KONEKSYON

ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

Avèk mwens pase de semèn ki rete pou fini ane lekòl la, mwen vle pataje ki jan mwen fyè pou chak nan elèv nou yo ki te travay pou rive nan etap final la. Semèn lekòl ki sot pase yo te plen ak vwayaj fen ane, selebrasyon ak seremoni gradyasyon. Li toujou enteresan pou wè kè kontan nan je elèv nou yo paske yo pare pou sezón ete a.

Konpliman pou tout elèv lekòl segondè nou yo! Gen anpil chemen e lavi depann sou chwa w fè yo. Gen lafwa, kwè nan tèt ou, panse avèk sajès, jwenn gwoup sipò sa a bò kote ou epi toujou mande tèt ou: "Ki sa k ap pase si?" [Gade yon mesaj pou nou tout isit la soti nan adrès prentan mwen an](#) pou elèv yo nan Brown Day.

Nou kontan lanse **Pwogram aprantisaj sezón ete** nou an nan dat 10 jiye! Pwogram aprantisaj pandan ete a ap fêt soti 10 jiye pou rive 17 out. Toujou gen espas nan bèle pwogram enteresan lekòl presegondè a ki plen ak gwo opòtinite ki gen ladan Pwogram Ete SeaPerch ak yon pwogram etid robotik STEM ki pral abouti nan yon konpetisyon konsepsyon bato. Genyen tou yon e-sports, espò elektwonik, pwogram kote elèv yo pral itilize jwèt ak plizyè jwè pou kreye yon anviwònman enklizif epi ekitab kote tout elèv ka grandi. [Enskri isit la a si w enterese.](#)

Anpil elèv lekòl segondè te resevwa yon lèt ki rekòmande pou yo vin nan pwogram aprantisaj ete nou an. Pwogram nan pral sèvi ak platfòm anliy Edgenuity epi melanje aprantisaj anliy ak enstriksyon pwofesè, travay an gwoup ak pwojè yo. Pwogram lekòl segondè sa a se yon pwogram reyabilitasyon k ap travay pou ede elèv yo satisfè kondisyon gradyasyon yo. Nou menm tou, nou gen yon pwogram ete CTE pou lekòl segondè enteresan.

Nou gen plis pase 1 200 elèv ki enskri pou Summer Stars Learning Academy. Nou toujou ap pran non pou lis datant nan pwogram matènèl sa a jiska pwogram klas 5yèm ane. Pwogram ete sa a pral konbine alfabetizasyon ak pwogram etid matematik ak yon eleman enteresan emosyonèl sosyal.

Si ou menm oswa yon moun rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon anvan yo sou [sitwèb Distri a nan plizyè lang](#).

Classical High School fè gradyasyon lendi swa nan Veteran Memorial Auditorium la. Felisitasyon ak moun k ap gradye yo!

14 JEN 2023



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN

MIZAJOU DISTRI YO



ADRÈS ETA EDIKASYON RI

Dènyèman, pandan diskou Eta Edikasyon li an nan Rhode Island School for the Deaf, **Komisyonè Angélica Infante-Green** te mete aksan sou anpil amelyorasyon nan rezulta Surveyworks pou paran, elèv ak pwofesè satisfaksyon yo. "Atravè entèvansyon an, nou ap kraze vye atant yo epi n ap bati novo, brik pa brik!" selon sa a Infante-Green te di. Done Surveyworks yo montre elèv yo ap pale plis sou inivèsite ak karyè. Elèv yo ap plis itilize plan aprantisaj endividiyèl yo epi yo panse li itil. Anplis, sondaj yo montre pwofesè yo kontan ak pwogram etid la e gen yon apèsi plis pozitif sou lidèchip distri a ak repons ak sekirite. Nou te wè yon ogmantasyon 5%-9% nan domèn sa yo. Epi finalman, pou repons **angajman fanmi**, Surveyworks te montre yon **9% ogmantasyon nan favorabilite ki se 5% pi wo pase mwayèn eta a**. Bèl travay pou tout elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye yo. Nou remèsyè w paske w te pran tan pou ranpli sondaj la. Nou vrèman satisfè ak rezulta yo.

FWA LIV SCHOLASTIC

Vandredi, **Asa Messer Elementary School** pral òganize jounen liv pou selebre reyalizasyon elèv yo epi ede lanse jefò lekti pou sezon ete a. Nan evènman an, 60 elèv dezyèm ak twazyèm ane pral patisipe nan aktivite sou teren pandan lajounen epi yo resevwa pake liv Scholastic ki apwopriye pou laj yo pou ajoute nan bibliyotèk lakay yo.

Rechèch montre yon sèl mezi ki toujou epi koresponn anpil ak nòt lekti se kantite liv ki nan kay la. Distribisyon liv nan evènman an ap etap final yon pi gwo pwogram distri K-5 pou bati bibliyotèk lakay yo. Nan de semèn k ap vini yo, Distri Lekòl Piblik Providence la pral distribye 90,000 liv ki

apwopriye pou laj bay tout elèv K-5 k ap resevwa 10 liv ak yon sak lekòl Providence. Selon Rapò Scholastic Teacher & Principal School, pi gwo majorite (96%) pwofesè yo, direktè lekòl ak responsab bibliyotèk lekòl yo di lè yo bay aksè pou al lakay ak liv pandan tout ane a, l ap enpòtan pou amelyore siksè elèv yo.

"Inisyativ sa a fèt pou ede timoun nou yo jwenn ladrès ki nesesè pou fleri nan lekòl la, ni lè yo kite lekòl la, pandan y ap ankouraje an menm tan yon anviwònman kote tout elèv nan Distri Lekòl Piblik Providence la gen yon lanmou ak pasyon pou lekti," selon sa a **Komisyonè Angélica Infante-Green** ak **Sipètentandan Javier Montañez** te eksplike nan yon lèt bay fanmi yo sou **inisyativ " My Books Summer"**.

PCTA KONPLETE DIPLÒM POU DISTRI A



Elèv ak anplwaye nan **Providence Career and Technical Academy** te travay avèk administrasyon ak estaf lekòl la pou kreye diplòm pou tout moun k ap gradye nan lekòl segondè yo. Felisitasyon pou **Graham Walkernan** PCTA a ak elèv li yo pou atenn etap final la semèn sa a paske yo reenprime kèk sètifikasi nan dènye minit. Sa a se twazyèm ane, elèv yo ak anplwaye yo te travay ansanm yo pou yo atenn bagay sa yo anndan lekòl la. Nan tan lontan, se te yon founisè deyò ki te konn enprime diplòm yo. Se yon gwo eksperyans aprantisaj pou elèv yo anvan yo gradye.



JOUNEN ANBELISMAN NAN MOUNT PLEASANT

Elèv ak anplwaye nan **Mount Pleasant High School** te travay di samdi maten sa a pou ede teren lekòl la vin pi bèl pandan yo t ap plante flè devan lekòl la. Mèsi espesyal pou Direktè Mount Pleasant la, Woberson Torchon, pou èd nan òganize pou jou sa a bèl pou elèv nou yo ak anplwaye yo.



EKITE AK APATENANS

Biwo Ekite ak Apatenans la rekonèt mwa jen an kòm mwa refleksyon, libète, respè, ekite, apatenans ak renmen. Si w selebre Juneteenth oswa PRIDE oswa toulède, nou mande pou w sonje tout moun ki te fè sakrifis pou asire nou ka kontinye defann ak tout angouman, pou libète ak espas pou goumen pou liberasyon, jistis ak dwa pou w moun ou ye a.

Akademi Lidèchip RESPECT

Lendi 14 Out 2023 - Vandredi 25 Out 2023

Lokal: Brown University

Odyans: Elèv twazyèm sik ak elèv lekòl segondè PPSD yo

Gratis pou elèv ki te patisipe aktif nan RESPECT. Y ap bay dejene, manje midi ak ti goute. Elèv yo pral resevwa yon alokasyon. [Enskri isit la a.](#)

Rankont emPOWER pou pwofesè nwa yo

Pa blyi enskri pou rankont EmPOWER mwa sa a k ap fèt 20 jan 2023 nan 4:30pm nan Bom Bom Nutrition (375 Washington St. Providence, RI 02903). [Enskri isit la a!](#) Nou espere wè w lòtbò a! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan equity@ppsd.org. Tout pwofesè PPSD yo envite pou patisipe.

Manje midi ak Aprantisaj biwo santral: Aprann sou kontèks ak istwa Juneteenth la

Ane sa a, tèm pou Juneteenth la se "Vag Libète (Wave of Freedom, an anglè)". Nan Jodi 15 jan 2023 soti nan 12:00 pou rive 1:15pm, vin aprann ak Biwo Ekite & Apatenans la sou kontèks ak istwa Juneteenth la. Juneteenth se pi ansyen komemorasyon fen esklavaj nan Etazini yo. Juneteenth komemore yon eritaj libète ak rezistans pou desandan pèp Afriken yo ak moun ki te esklav yo. Si w ta renmen aprann epi diskite plis sou istwa remakab sa a, tanpri rejwenn nou nan sal konsèy lekòl la ak manje midi w nan men w ak kòleg ou yo! Tcheke aktivite sa yo pou [travay, lakay ak lekòl](#).

Selebrasyon espas kreyatif Juneteenth ak mwa PRIDE

Nan lonè mwa fyète LGBTQ+ ak Juneteenth, biwo nou an ap òganize yon espas kreyatif pou selebre jèn yo ak jèn nou yo k ap sèvi òganizasyon yo! Aswè sa a pral gen ladan manje, mizik ak atizay. Evènman sa a ap fèt 15 jan 2023, apati 5pm pou rive 7pm nan 797 Westminster St nan PD Tech Room (Premye etaj). Tèm evènman an santré sou kiltive koneksyon kominote a ak sipòte ekspresyon atistik. Kit ou ap prepare pou yon evènman [ki gen rapò ak Pride, evènman Juneteenth](#), oswa w ta tou senpleman renmen dekonprese pandan w ap fè yon braslè, n ap bay espas ak mwayen pou fè sa a.

MAKE KALANDRIYE W YO!

- [JUNETEENTH
\(PA GEN KLAS\)](#)
Lendi 19 Jen
- [DÈNYE JOU
KLAS](#)
Vandredi 23 Jen
- [PWOGRAM
APRANTISAJ ETE](#)
Lendi 10 jan - Jodi 17 Out

JENMENI LEKÒL LA



SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèle bagay chak jou. Men kèk egzanp.



YON ELÈV CENTRAL TE FÈ LOGO MLL LA

Konpliman pou elèv Rosalinda nan **Central High School** ki te resevwa yon prim pou travay konsepsyon li sou nouvo logo MLL (Multilingual Learner) PPSD a! Mèsi ak tout moun ki te soumèt yon konsepsyon pou nouvo logo a, nou te resevwa desen ki te vrèman enpresyonan pou nou te chwazi. Konpliman pou gwo travay sa a ou fè, Rosalinda!



VALEDIKTORYEN AK SALITATORYEN PPSD

Konpliman pou tout senyò nou yo k ap gradye, men yon felisitasyon espesyal pou **Valediktoryen ak Salitoryen PPSD** 2023 nou yo! Elèv sa yo te gen opòtinite pou yo rankontre **Majistra Brett Smiley**, ansanm ak manm Providence City Council yo, pou ede yo selebre reyalizasyon yo. Nou pa ka tann pou wè tout elèv nou yo pandan seremoni nou yo!



JOUNEN SIYATI CTE

Konpliman pou 84 elèv PPSD yo ki te jwenn pou fè karyè nan aprantisaj/sendika ak pozisyon nan endistri a plen tan. Yo te selebre yo semèn pase a pandan Jounen Siyati a nan **Providence Career & Technical Academy (PCTA)**. 14 konpayi ak endistri te rejwenn evènman an kote elèv yo te "siyen" ak fiti patwon yo ki gen ladan Electric Boat, Building Futures, LiUNA, RI Women in the Trades, Navarrete Tire Shop, Bristol Toyota, 401 Automotive, Carpenters Union, Jutras Woodworking, JD Cementworks, Providence Parks & Recreation, Lucia's Mexican Restaurant ak Waterman Grille Restaurant.



ELÈV BAILEY YO AP BYEN PASE

Elèv ki soti nan **Robert Bailey Elementary School** te jwe yon moso nan "Jungle Book Kids" Disney la pandan yon pèfòmans nan Providence Performing Arts Center (PPAC) semèn pase a! Bailey Elementary se te youn nan kat lekòl Rhode Island ki te jwe nan "It All Starts with a Dream", Mizikal Disney nan lekòl yo. Bon travay tout moun!



SIMILASYON ODYANS

Elèv ki soti nan **Nathan Bishop Middle School** te patisipe nan yon Similasyon Odyans nan Tribunal Federal Providence. Dekouvrri Lajistis ak asosyasyon Nathan Bishop pou ede elèv yo aprann plis sou lwa ak lajistis. Mèsi a tout majistra onorab nou yo pou tan yo te dedye pou yo pale ak elèv yo!




JOUNEN EDIKASYON SIVIK NAN RHODE ISLAND

Konpliman pou tout elèv PPSD nou yo ki te prezan nan Jounen Edikasyon sivik nan Rhode Island nan City Hall ak State House! Felisitasyon espesyal pou elèv **E-Cubed Academy** yo paske yo genyen Prim Aksyon an, yon elèv **360 High School** toutèt li genyen Prim Student Change Maker a ak elèv **Hope High School** yo ki te genyen prim Kolaborasyon ak Divèsite a!

SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Elèv sa yo te echwe pandan pandemi an. Lè sa a, yon konseye pedagojik te ba yo yon gwo èd](#) Providence Journal, 7 jen 2023
- [Ansyen elèv Patriots yo te vizite lekòl Providence pou rekonpanse elèv yo ki te amelyore prezans yo](#) WJAR, 1ye jen 2023



PWEN ENPÒTAN ELÈV YO

Chèche konnen bon jan nan elèv
senyò nou yo nan distri a!



Jonas Genao

Senyò, Alvarez High School
ES: Republik Dominikèn
MS: Roger Williams

Ismerai Nunez

Senyò, Alvarez High School
ES + MS:
Union City, NJ

Ki plan w genyen pou aprè lekòl segondè w?

IN: Mwen planife pou mwen ale nan yon inivèsite 4 ane-URI. Mwen te chwazi URI paske, finansyèman, li te pi bon chwa mwen. Mwen te enterese nan pwogram jistis kriminèl ak sikoloji yo a. Lè m te jèn, mwen te gen yon eksperyans vyolan ak yon moun ki vrèman pwòch mwen. Mwen te la lè te gen yon ensidan. Apre sa a, mwen pat vle okenn moun viv eksperyans sa a. Mwen pa konnen ki travay espesifik mwen vle fè, men mwen vle ede moun epi ede anpeche ensidan tankou ensidan sa a.

Mwen te aplike nan URI atravè Pwogram Developman Talan. Developman Talan rekrite epi sèvi moun ki gradye nan lekòl segondè nan Rhode Island ak potansyèl inivèsite ki soti nan orijin defavorize selon listwa, yon majorite nan yo se Bous pou moun nwa. Objektif pwogram nan se aksè, opòtinite, pèmèt li abòdab epi fini li.

“Mwen ta di pwofesè yo te pouse m vanse epi fè plis jefò ak tèt mwen. Mwen renmen defi.”

JG: Ane pwochèn, mwen pral ale nan URI epi pouswiv yon karyè nan syans òdinatè (enfòmatik). Mwen te oblige diskite ant de lekòl e mwen te panse pwogram Developman Talan URI a ta bon. Epi tou, mwen te gade nan Worcester Polytechnic Institute ak Clark University tou. Mwen pral viv nan URI premye ane a jan sa a nesesè nan pwogram nan. Epi tou, lekòl la pa lwen lakay mwen, pa lwen fanmi mwen.

Mwen renmen kreyativite ou ka aplike nan Syans enfòmatik la. Mwen renmen matematik. Nenpòt bagay ou ka mete nan matematik, m ap renmen l. Ou ka kreye anpil bagay ak syans enfòmatik. Bagay ki nesesè menm jan tou ak bagay plezi. Li gen anpil kreyativite ladan l.

Poukisa w te chwazi Alvarez?

IN: Mwen pa t konnen te gen opsyon lekòl lè mwen te kòmanse. Mwen te vini pandan COVID la. Mwen te fè yon tès epi yo te mete m isit la. Mwen te rankontre bon moun. Mwen te gen bon jan pwofesè.

Mwen ta di pwofesè yo te pouse m vanse epi fè plis jefò ak tèt mwen. Mwen renmen defi. Mwen pa renmen wout fasil.

JG: Mwen te chwazi Alvarez pou distans la. Mwen te nouvo nan peyi a. Mwen vin isit la nan 8yèm ane, mwen te soti Republik Dominikèn. Li te pi pre kay mwen. Se konsa, mwen te chwazi Alvarez. Eksperyans mwen te gen moman bagay yo bèl ak moman bagay yo nwa. Nòmalman, tout bagay te diferan pou yon moun ki nouvo nan peyi a. Premye ane mwen te byen men lè sa a, COVID t ap frape epi bagay yo te kòmanse vin ap mal mache. Mwen pa t patisipe nan anpil aktivite andeyò lekòl la. Men, mwen te patisipe nan klas developman karyè tankou syans enfòmatik ak fè anpil klas AP. Epi tou, deyò lekòl la, mwen te fè yon pwogram developman lidèchip, HOBEY. Mwen te fè yon kan fòmasyon nan entèlijans atifisyèl ak Mark Cuban. Se te anliy.

Èske gen yon pwofesè ki te fè yon gwo enpak sou ou?

IN: Mesye Chandley, mwen toujou wè l isit la a. Li se yon pwofesè nan syans enfòmatik. Mwen pa reyèlman fò nan òdinatè, men li te fè klas la alèz. Li te fè sa a posib pou mwen te pran yon lòt klas avè l pou ane senyò mwen an. Li te ede m. Nou te pase yon bon moman.

JG: Mesye Chandley, pwofesè syans enfòmatik mwen an. Li te pwofesè mwen nan Syans enfòmatik. Nou te kòmanse aprann epi nou te diskite sou anpil nan sijè nan syans enfòmatik menm jan tou sou lòt sijè tankou liv, elatriye. Li te pi bon zanmi m pandan mwen te isit la a.

Eksperyans ki pi memorab?

IN: Pwomosyon ane pase a ak ane sa a. Ane sa a, mwen ta renmen prezante ak yon gwoup elèv CCRI yo. Mwen teknikman fini ak lekòl segondè epi mwen ap fè rès ane a ak

paj 6, Pwen enpòtan sou elèv yo, swit

elèv Alvarez ak CCRI yo. Pwogram nan tout antye te fè nou gen vrèman yon bon jan relasyon.

Premye semès nan CCRI a, mwen te swiv kou bazik lekòl segondè mwen te bezwen pou m gradye. Nan dezyèm semès mwen, mwen te ale nan klas pou karyè mwen. Se konsa, mwen te pran pwosedi kriminèl, Kriminoloji ak sikoloji jeneral. Mwen te pran yon katriyèm klas sou entènèt la. Si mwen pase klas yo, mwen jwenn kredi inivèsite konplè. Se konsa, lè mwen kòmanse URI, mwen pral kòmanse ak 24 kredi. M ap gen plizoumwen twa lane pou m diplome. Si mwen vle fè yon metriz, li pral pwobableman pran plis ane.

JG: Mwen gen yon 3 nan tès enfòmatik AP mwen an. E jou sa a, mwen pa t santi m byen e mwen te tèlman prepare, m te santi m mal. Apre sa, mwen te wè rezulta yo epi mwen te fè yon nòt pase.

Kisa ki rann ou estrese oswa kontan anpil aprè gradyasyon an?

IN: Kounye a, mwen estrese pou gradyasyon paske mwen se Valediktoryen e mwen dwe fè yon diskou. Mwen pa yon nèg ki pale anpil an publik. Men, si mwen dwe fè li, m ap fè li. Se responsablitè mwen. Apre gradyasyon, mwen estrese pou lavi a. Mwen pral rete nan lakou lekòl la epi mwen konnen mwen gen paran mwen isit la ki pral ede m epi sipòte m. Men, mwen pral eseye fè bagay sa yo nan fason mwen epi wè sa a mwen kapab fè. Mwen estrese epi eksite pou sa a ki devan m.

JG: Mwen vrèman eksite pou m kòmanse inivèsite. Mwen vle rankontre plis moun. Mwen eksite pou m kòmanse ak pwofesyon mwen. Mwen pa pè anyen. Mwen santi mwen trankil epi eksite.

NAN DISTRI A



YO NONMEN YEAW RESPONSAB BIBLIYOTÈK POU ANE A

Ochan pou **Kimberly Yeaw, Career and Technical Academy** moun bibliyotèk Rhode Island yo te nonmen responsab bibliyotèk lekòl pou ane a! Men kèk rezon ki fè Madam Yeaw ekstraòdinè:

1. Li vini byen bonè chak jou pou elèv yo gen yon espas trankil nan maten an pou yo detann yo.
2. Li louvri bibliyotèk li pandan manje midi pou elèv yo ka manje manje midi nan yon anviwònman konfòtab.
3. Li toujou aktyalize l ak tandans lekti yo epi li ranpli bibliyotèk li a pou reflete sa a.
4. Li toujou gen pòt biwo li louvri pou elèv ki bezwen espas pou travay epi pou panse. (Pwofesè yo tou!)
5. Kòm yon ansyen antrenè PAR, Kim toujou disponib pou li SLO yon pwofesè oswa pou ede kalkile done yo.
6. Kim te reòganize espas li pou bay PCTA yon sant èd teknoloji.
7. Li travay ak ekip Dell Tech Crew lekòl nou an epi li ede elèv yo gen kontwòl aprantisaj yo
8. Kim se premye moun ki volontè pou evènman elèv yo, oswa pou ede òganize gwo inisyativ lekòl yo.



RASANBLEMAN LIDÈ KOMINOTÈ YO

Plis pase 40 patnè kominotè a te rejwenn Carina Pinto de Chacon, responsab **Angajman Fanmi ak Kominote**, dènyèman pandan yon rasanbleman lidè kominotè nan United Way nan Rhode Island nan Providence. Ekip la te diskite sou enpòtans prezans ak pou fini FAFSA pou elèv nou yo menm jan ak pwogram aprantisaj ete k ap vini an. Mèsi ak tout moun ki te rejwenn nou!



ELEV 7YÈM ANE YO VIZITE LISE YO

Yo te prezante elev setyèm ane ki soti nan **PPSD Esek Hopkins Middle School** nan lekòl segondè distri yo pandan semèn ki sot pase yo. Elèv lekòl twazyèm sik distri yo te gen opòtinite pou vizite lekòl yo, rankonstre pwofesè yo epi ede detèmine preferans yo anvan yo ale nan pwosesis chwa lekòl la ane pwochèn.



MARTA APARICIO VIZITE CENTRAL

Elèv yo nan **Central High School** te akeyi diplomat Depatman leta Valediktoryen Hope High School 2010 la **Marta Aparicio**, ansanm ak Majistra Providence Brett Smiley, pou aprann sou karyè enteresan diplomasi entènasyonal li a. Elèv yo te enpresyone pa bèl istwa li a. Mèsi pou vizit ou, Marta!



JWÈT OLENPIK ESPESYAL

Konpliman pou rezidan Rhode Island la, Brian Johnson, ki pral reprezante Eta Oseyan an nan Jwèt Olenpik espesyal yo nan bocce! Frè Brian Ian, Dan Johnson, se yon pwofesè **A-Venture**, epi yo te òganize yon fè orevwa pou Brian! Bon chans Brian ak tout rès moun nan ekip Olenpik Espesyal Etazini a!

PREZANTASYON SOU DOUB LANG AK BILENG

Lidè edikasyon yo te rejwenn nou pandan **Prezantasyon sou Doub Lang ak Edikasyon Bileng** Providence Public Schools la pou wè pwogram nan an aksyon epi pale ak elèv yo ak pwofesè yo sou eksperyans yo. Ekip la te vizite salklas yo nan **Alfred Lima, Leviton Dual Language** ak **Lillian Feinstein nan Sackett Street Elementary Schools**. Mèsi espesyal pou Engage2Learn (e2L) pou ede evènman an fèt. An patenarya avèk E2L, lidè Distri yo ak moun ki gen enterè yo te travay pou kreye yon plan antrènman epi kwasans ki fèt pou ekipe edikatè yo pou sipòte ELL yo san pyès fòs kote.